



ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL

MADRASAH IBTIDAIYAH HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL

TAHUN PELAJARAN 2025/2026

Mata Pelajaran : B. JAWA	Hari /tanggal :
Kelas : VI	Waktu :

I. Berilah tanda silang (X) pada huruf a, b, c atau d pada lembar jawaban yang benar!

- Teks kang nduweni titikan menehi informasi marang sawijine babu tawa apa wae diarani teks ...
 - Informasi
 - Pawarta
 - persuasi
 - dheskripsi
- Pawarta iku kudu ngandharake kedadayan kang ...
 - Angen-angen
 - Nyata
 - luput
 - khayal
- Unsur kang ngemot papan kadadayan ing sajrone pawarta iku diarani ...
 - What
 - Where
 - when
 - why
- Salah siji tuladha kalawarti basa jawa yaiku ...
 - Panjebar semangat
 - Solopos
 - kompas
 - jawa pos
- Teks sing isine ngajak-ngajak, narik kawigatene liyan, lan ngyakinake wong sing maca diarani teks ...
 - Pawarta
 - Pariwara
 - argumentasi
 - persuasi
- “negor sawit nandur satus bibit”
Ukara iki klebu ...
 - Slogan
 - Narasi
 - persuasi
 - deskripsi
- Ing ngisor iki ora klebu perangane teks persuasi yaiku ...
 - Pengenalan isu
 - Pengenalan konflik
 - rerangken argument
 - pranyatan ajakan
- Pawarta kang diwartakake kudu adhedhasar fakta utawa kasunyatan.
Pranyatan kasebut nuduhake titikane pawarta yaiku ...
 - Aktual
 - Cekak aos
 - wigati
 - faktual
- Informasi kang diandharake kanthi tulis (ora langsung) lumantar medhia cithak kayata


- A. Tv
B. Radio
C. kalawarti (majalah)
D. radio -Tv
10. Arus lalu lintas ing dalan A. Yani ngalami kemacetan.
Unsur pawarta sing ana ing ukara kasebut yaiku ...
A. Sapa
B. Kapan
C. kena apa
D. ana ngendi
11. Pawarta kang cakupane wilayah kabupaten utawa kota diarani pawarta ...
A. Internasional
B. Lokal
C. nasional
D. regional
12. Saben jinis teks nduweni titikan kang beda. Kaya dene titikane teks pawarta lan teks persuasi. Titikane teks pawarta yaiku kudu ngemot unsur apa, sapa, kapan, nyapa (kena apa), ana ngendi, lan kepriye. Dene teks persuasi titikane ...
A. Kudu aktual, tegese isih anyar
B. Kudu narik kawigaten lan mangaribawani sing maca
C. Ora mojakake utawa mihak salah sawiji golongan
D. Gawe hiburan marang sing maca
13. Sawijine wujud kasusastran jawa kang pinathok sarta pamacane kudu kanthi cara dilagokake diarani ...
A. Tembang campursari
B. Geguritan
C. tembang dolanan
D. tembang macapat
14. Tembang macapat kang nggambarake mangsa tuwane manungsa kang ngungkurake kadonyan yaiku ...
A. Pangkur
B. Maskumambang
C. Dhandhanggula
D. Pocung
15. Watake tembang Pangkur, yaiku ...
A. Nengsemake, luwes
B. Sereng, tandhes, lugas
C. Prihatin, asih
D. seneng, asih, tresna
16. Paugeran utawa metrume tembang macapat iku ana telu, yaiku guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Guru gatra yaiku ...
A. Cacahe gatra saben sapada
B. Cacahe wanda saben sagatra
C. Cacahe gatra saben sagatra
D. Cacahe wanda saben sapada
17. Nalika nembangake macapat ikut ana bab kang kudu dimangerteni yaiku ...
A. Guru gatra tembang macapat
B. Sasmitane tembang macapat
C. Cacahe tembang macapat
D. Tetembungan lan basa kawi

Cakepan tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 18-21!

Pancen ampuh Pancasila
Mratandhani tunggal budi pakarti
Iku prajanjen kang luhur
Urip tentrem raharja
Kanggo pandom guyub rukun trus ambangun
Uga dhasaring nagara
Paugeran kang wigati

18. Guru wilangane gatra kalima, yaiku ...
A. 8
B. 10
C. 11
D. 12
19. Miturut paugerane cakepan tembang kasebut mujudake tembang ...
A. Pangkur
B. Durma
C. mijil
D. Maskumambang
20. Guru wilangan lan guru lagu tembang kasebut yaiku ...
A. 8a, 11 i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
B. 9a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
C. 8u, 11i, 8u, 7a, 12i, 8a, 8i
D. 9u, 11i, 8u, 7a, 12i, 8a, 8i
21. Guru lagu gatra kaloro yaiku ...
A. a
B. i
C. u
D. e
22. saben tembang macapat nduweni paugeran lan watak dhewe-dhewe. Salah sawijine yaiku tembang maskumambang. Watake tembang maskumambang yaiku ...
A. prihatin, asih
B. sigrak, mrabawani
C. seneng, asih, tresna
D. sedhih, kuciwa nelangsa
23. pitutur luhur tembang macapat bisa dimangerteni kanthi sarana mangerteni ... luwih dhisik
A. judule tembang
B. isine tembang
C. wiramane tembang
D. watake tembang
24. sikape awake dhewe tumrap tembang macapat yaiku ...
A. nglalekake
B. nglestarekake
C. ngowahi
D. ngejarke
25. ing ngisor iki trap-trapane ngagancarake tembang, kajaba ...
A. negesi tembung kang angel
B. ndhapuk teges saben larik
C. nembang kanthi manut paugeran
D. mbangun larik dadi paragraf
26. tibaning swara ing pungkasaning gatra diarani ...
A. guru gatra
C. guru pada

- B. guru lagu D. guru wilangan
27. ing ngisor iki ora klebu sasmitane tembang pangkur yaiku ...
A. mingkur C. mundur
B. kukur-kukur D. mungkur
28. sinawung resmining kidung
kidung padha tegese karo ...
A. tembang C. crita
B. wacan D. parikan
29. Serat wulangreh kanggit dening ...
A. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
B. Sri Susuhunan Pakubuwana V
C. KGPAA. Mangkunagara IV
D. KGPAA. Mangkunagara V
30. Ing ngisor iki sing ora klebu paugerane tembang macapat yaiku ...
A. Guru gatra C. guru sastra
B. Guru lagu D. guru wilangan
31. Aku seneng mertamu menyang omahmu, amarga suguhane mbanyu ...
A. Mili C. mampet
B. Anyep D. enak
32. Basa kang dipacaki utawa dipaesi amrih nuwuhake surasa kang endah, bagus, lan ngresepake diarani basa ...
A. Jawa C. saroja
B. Rinengga D. entar
33. Panyandra iku basa rinengga kanggo ngarani perangane awak kanthi tujuwan ...
A. Nyemoni C. ngalembana
B. Ngupamakne D. nyindir
34. Sing kalebu unen-unen basa jawa, yaitu ...
A. Yogyaswara lan bebasan
B. Paribasan, bebasan, lan saloka
C. Keratabasa, yogyaswara, lan bebasan
D. Bebasan, paribasan, pepindhan
35. Tegese unen-unen yaiku ...
A. Tetembungan kosok balen
B. Tetembungan tartamtu sajrone ukara, kang nduweni titikan lan piguna tartamtu
C. Tetembungan kang nduweni teges meh pada
D. Tetembungan kang ora ana manfaate
36. Wong pinter mungsuh wong pinter iku ibarate ...
A. Bebek mungsuh mliwis
B. Bathok bolu isi madu
C. Asu marani gepuk



- D. Nalika tumindak kudu dipikir kanthi nalar
46. Cipir mrambat kawat ...
Jangkepane isi parikan ing dhuwur yaiku ...
A. Ora mampir angger liwat
B. Ora ngapa sing penting banter
C. Aku seneng mangan cipir
D. Manggis karengat
47. Saben papan utawa dhaerah nduweni adat utawa tatacara dhewe-dhewe, kaya unen-unen ...
A. Ana catur mungkur
B. Adigang adigung adiguna
C. desa mawa cara Negara mawa tata
D. jer basuki mawa beya
48. “Sepi ing ... rame ing gawe”
Tembung sing cocog kanggo ngisi unen-unen kasebut yaiku ...
A. Omah
B. Pamrih
C. Tuku
D. Tulung
49. “Sapa ... bakal seleh.”
Tembung sing cocog kanggo ngisi unen-unen kasebut yaiku ...
A. Bener
B. Males
C. Pinter
D. Salah
50. “Mikul dhuwur mendhem jero”
Ukara ing nduwur tegese ...
A. Bisa njunjung drajate wong tuwa lan nutup wadine kaluwarga
B. Dituturi bola-bali meksa ora digugu
C. Ngoyak barang sepele, kelangan barang kang luwih aji
D. Tumindak ala kanthi kongkonan wong liya